**दिन–गुरूवार** **दिनांक–05.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलनि अछि जे भारत पछिला दिन नओ पैघ देश सभक संग व्यापार समझौता कयलक अछि। राज्यसभा मे राष्ट्रपति के अभिभाषण पर धन्यवाद प्रस्तावके उत्तर दैत श्री मोदी कहलनि जे भारतक अमरीका आ यूरोपीय यूनियन के सत्ताईस देश सभक संग व्यापार समझौता भेल अछि। ओ कहलनि जे आई पूरा विश्व भारतक समार्थ्य देखि रहल अछि आ ग्लोबल साउथ मे भारतक आवाज के गंभीरता सँ सुनल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री पूर्ववर्ती कांग्रेस सरकार पर इच्छाशक्ति आ दूरदर्शी सोच के अभाव हेबाक आरोप लगौलनि। श्री मोदी कहलनि जे कांग्रेसक नीति के कारण भारतक अर्थव्यवस्था एगारहम स्थान पर पहुंचि गेल छल आ आई देश दुनिया के तेसर सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था बनबाक दिस अग्रसर अछि। प्रधानमंत्री के संबोधन शुरू भेलाक बादे विपक्ष सदन सँ वॉकआउट कऽ देलक।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे केन्द्र सरकारक सहयोग सँ बिहार लगातार प्रगति कऽ रहल अछि। आइ विधानसभा मे राज्यपालक अभिभाषण पर सरकारक दिस सँ जवाब दैत मुख्यमंत्री कहलनि जे वर्ष दू हजार पांचक बाद सँ राज्य हरेक क्षेत्र मे उल्लेखनीय प्रगति कयलक अछि। श्री कुमार बिहारक विकास पर विशेष ध्यान देबाक लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रति आभार व्यक्त कयलनि अछि। मुख्यमंत्री कहलनि अछि जे सरकार सात निश्चय–तीन के घोषणा कयलक अछि। एकर अंतर्गत नोकरी, रोजगार, आमदनी दूगुना करब, औद्योगिक विकास, स्वास्थ्य, आधारभूत संरचना के विकास आ जीवन सरल बनेबाक उपाय पर फोकस कयल गेल अछि। एहि सँ पहिने चर्चा मे भाग लैत उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे बिहार सुशासन सँ समृद्धि के दिस आगाँ बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे केन्द्र आ राज्यक एनडीए सरकार राज्यक विकासक लेल निरंतर काज कऽ रहल अछि।

---

राज्यपालक अभिभाषण पर चर्चा मे भाग लैत नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे विशेष राज्य के दर्जा भेटलाक बादे बिहारक विकास संभव होयत। ओ कहलनि जे राज्यक विकास लेल विपक्ष सदिखन सरकारक संग अछि। श्री यादव राज्य मे कानून–व्यवस्थाक बिगडैत स्थिति के मुद्दा सेहो उठौलनि। विधानसभा मे विपक्ष द्वारा राज्यपालक अभिभाषण मे प्रस्तुत कयल गेल संशोधनक प्रस्ताव के अस्वीकृत कऽ देल गेल आ धन्यवाद प्रस्ताव स्वीकृत भेल। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार एकर घोषणा कयलनि।

———————————————————————————

कृषिमंत्री रामकृपाल यादव कहलनि अछि जे राज्य मे वर्ष दू हजार चौबीस–पचीसक दरमियान चारि दशमलव चारि–आठ हेक्टेयर भूमि मे दलहन के खेती भेल अछि। ओतहि तीन दशमलव नओ–तीन लाख मिट्रिक टन दलहन के उत्पादन भेल। विधानसभा मे प्रश्नोत्तर कालक दरमियान जदयू विधायक अमरेन्द्र कुमार पांडेय के एक पूरक प्रश्नक उत्तर मे श्री यादव कहलनि जे चारिम कृषि रोड़ मैप के अतंर्गत दलहन के उत्पादन के बढ़ेबाक लेल विशेष रूप सँ ध्यान केन्द्रित कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे सरकार किसान लोकनि के दलहन उत्पादनक लेल हरेक जरूरी सुविधा उपलब्ध करा रहल अछि। राजदक कुमार सर्वजीत के एक प्रश्नक उत्तर मे कृषि मंत्री जनौलनि जे सरकार किसान लोकनि सँ न्यूनतम समर्थन मूल्य पर दलहन उत्पाद कीन रहल अछि।

———————————————————————————

जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे मोकामा टाल क्षेत्र मे जल प्रबंधनक लेल हरोहर नदी के माध्यम सँ गंगा सँ अतिरिक्त पानिक निकसी के व्यवस्था कयल जा रहल अछि। विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे श्री चौधरी जनौलनि जे लखीसराय बालगुदर मे एंटी फ्लड सुलुईस गेट तैयार कयल जा रहल अछि। ओ भरोसा दियौलनि जे टाल के किसान लोकनिक उन्नति के लेल सरकार प्रतिबद्ध अछि।

———————————————————————————

विधान परिषद मे आइ राज्य मे कानून–व्यवस्थाक स्थिति के मुद्दा उठल। नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवी नीट छात्राक मृत्युक मुद्दा उठबैत आरोप लगौलनि जे सरकार एहि मामिला के लीपापोती करबा मे लागल अछि। परिषद मे निर्दलीय महेश्वर सिंह बढ़ि रहल साईबर अपराधक मुद्दा उठौलनि। सरकारक दिस सँ उत्तर दैत उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे राज्य मे एक लाख सँ बेसी लोक साईबर ठगी के शिकार भेलाह अछि। ओ जनौलनि जे साईबर अपराध पर नियंत्रण के लऽकऽ साईबर सेल के गठन कयल गेल अछि। एहि सेल मे नियुक्ति के प्रक्रिया जारी अछि।

———————————————————————

बिहार विधानसभाक स्थापना दिवस सात फरवरी के मनाओल जायत। एहि समारोह मे लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला आ राज्यसभा के उपसभापति हरिवंश सम्मिलित हेताह। विधानसभाक कार्यवाहीक दरमियान अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार सदन मे ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे समारोह मे संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू सेहो सम्मिलित हेताह।

———————————————————————

प्रदेशक बेसीतर भाग मे पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार दस दशमलव तीन डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग सीवानक जीरादेई राज्यक सभ सँ ठंढा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू दिन औसत तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक कमी आबि सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त